

Pwogram Tretman Lajounen pou Maladi Sik (Dyabèt)



Boston Children's Hospital

Boston Children's Hospital
Operasyon Swen Enfimyè pou
Pasyan epi Divizyon
Andokrinoloji

300 Longwood
Boston, MA 02115



Dwadotè © 2024



Kisa ki Pwogram Tretman nan Jou Maladi Sik la?

Pwogram Tretman nan Jou Maladi Sik la bay swen bon kalite kont maladi sik pou timoun ki pa gen lontan depi yo fè maladi sik ak fanmi yo.

* Fanmi yo benefisye edikasyon ak tretman nan yon anviwònman ki an sekirite, epi ki favorab pandan l ap redui bezwen pou moun al entènè lopital.

* Ekip maladi sik nou an, doktè yo, enfimyè yo, dyetetisyen yo, travayè sosyal yo, nan kolaborasyon sere ak fanmi w pou ede w konprann swen maladi sik la.

* Ekip la pral asire l, ou gen tout edikasyon, fòmasyon pwofesyonèl, ak founiti ou gen bezwen pou lakay.

Ki avantaj pwogram tretman lajounen maladi sik la genyen?

* Fanmi yo ka dòmi epi pratike konpetans yo lakay yo men yo gen yon kontak sere ak ekip maladi sik la. Sa ede nan ranfòse konfyans.

* Fanmi yo rapòte, lè yo retounen lakay yo pi bonè, sa ede yo adapte ak yon nouvo dyagnostik epi ak nouvo woutin.



Kisa k ap pase apre?

* Ekip maladi sik ou a ap gen pou fè w konnen lè yo bay timoun ou an otorizasyon medikalman pou l patisipe nan pwogram tretman jou maladi sik la.

* Ekip maladi sik ou a ap gen pou pale avè w konsènan opsyon ou genyen yo ak nenpòt enyetid ou ka genyen.

Kisa ki ap pase nan vizit yo?

Pandan vizit ou yo, n ap gen pou n ede w ranpli yon lis kontwòl objektif nan kesyon edikasyon, pratike konpetans ou yo epi ranfòse konfyans nan tèt ou pou w antre lakay ou an sekirite. Y ap gen pou bay pasyan yo tout repa ak ti goute yo.

Egzanp orè vizit yo:

8:00 nan maten - Anrejistreman/kòmand manje maten.

8:30 nan maten - Revize orè pou jounen an, patisipe nan konpetans sipèvize sou maladi sik epi manje manje maten.

8:30 nan maten - 4:00 nan apre midi - Rankontre ekip maladi sik la epi aprann konsènan swen maladi sik timoun ou an, epi konpetans ak objektif nitrisyonèl timoun ou an.



N an finisman pwogram nan, ou pral:

- * Rankontre tout manm ki nan ekip maladi sik la
- * Aprann baz yo nan sa ki gen pou wè ak swen maladi sik
- * Aprann konpetans sou maladi sik pou lakay
- * Aprann objektif nitrisyonèl yo
- * Revize founiti ou yo pou lakay
- * Revize pwogram kotidyen w pou lakay
- * Resevwa yon plan maladi sik pou lekòl
- * Planifye yon randevou swivi nan klinik maladi sik la
- * Resevwa enstriksyon elektwonik chak jou ki jou jiska premye vizit nan klinik w ap gen pou w fè a
- * Gen konfyans nan tèt ou pou w retounen lakay